




Di handap aya gambar ngeunaan pangaruh globalisasi pikeun kahirupan jeung lingkungan urang. Pek titenan eta gambar sing taliti



Baca bacaan di handap ieu!

PANGARUH GLOBALISASI

Kiwari disebut-sebut mangrupa Jaman Globalisasi, dunya teh karasa beuki heureut bae. Lain dunyana anu ngaleutikan, tapi lantaran kiwari jarak anu sarua bisa dihontal ku waktu anu leuwih sakeudeung. Contona bae anu jarak ka Mekah. Baheula, jaman uyut urang, anu jarak ka Mekah teh di jalanna bae bisa nepi ka sabulan, lantaran tumpak kapal cai. Tapi kiwari di Jakarta ka Mekah teh bisa ngan salapan jam, teu sapoe-poe acan, lantaran tumpak kapal udara. Kitu





deui ka tempat-tempat sejenna anu aya di luar negri saperti ka Eropah atawa ka Amerika. Teu kudu mulan-malen kawas baheula.

Globalisasi muncul raket patalina jeung kamekaran tehnologi. Anu karasa pisan mah dina widang informasi. Komo sanggeus aya internet. Urang bisa nyaho kajadian di mana bae di sakuliah dunya ngaliwatan internet. Henteu lila deuih. Malah bisa jadi harita keneh. Urang oge bisa ngayakeun hubungan jeung saha bae, urang mana bae, di mana bae ayana, ngaliwatan internet. Komo deui ayeuna, urang bisa ngakses internet tina hape. Sarta beuki dieu teh fasilitasna beuki lengkep tur gampang deuih.

Pangaruh globalisasi teh, aya alusna jeung aya gorengna deuih. Alusna, urang jadi leuwih loba kanyaho jeung pangaweruh, leuwih lega ambahan campur gaul, jeung leuwih loba luang pikahareupeun. Gorengna, babari asup jeung nerekabna pangaruh budaya deungeun, anu henteu saluyu jeung budaya bangsa urang. Malah bisa jadi ku mahabuna budaya deungeun, budaya urang sorangan kasilihkeun. Padahal urang miboga budaya anu kawilang beunghar. Tah, eta kabeungharan budaya teh mangrupa kaunggulan bangsa urang pikeun bersaing jeung bangsa sejen dina mangsa globalisasi. Lebar lamun budaya urang nepi ka laleungitan.





Ayo Berlatih

Sangkan leuwih paham kana tulisan anu euisina pangaruh globalisasi, pek jawab pananya di handap dumasar kana bacaan di luhur!

1. Kiwari mah dunya teh karasa leuwih heureut. Cik terangkeun naon maksudna eta kalimah teh?

2. Naon bedana lalampahan jaman baheula jeung jaman ayeuna? Sebutkeun contona!

3. Kumaha kamekaran tehnologi dina widang informasi kiwari?

4. Naon pangaruh alusna globalisasi pikeun urang?

5. Naon pangaruh gorengna globalisasi pikeun urang?





HARTI KECAP

Dina bacaan aya sawantara kecap anu bisa jadi hidep teu paham maksudna atawa hartina.

1. heureut = sempit
2. mulan-malen = mangbulan-bulan, sababaraha bulan
3. raket = deukeut
4. internet = internet wacahan tina "interconnection networking" nyaeta jaringan komputer anu nyambung ka sakuliah dunya
5. akses = jalan asup
6. fasilitas = sarana pikeun ngalancarkeun dilaksanakeunana hiji hal atawa pagawean
7. ambahan = anu bisa kahontal, anu bisa kadongkang
8. luang = lolongkrang, pangalaman
9. mahabu = pohara ngagalaksakna
10. kasilihkeun = kaelehkeun, kadeseh

